



KOMINIKASYON AK REKÒMANDASYON POU AKTIVITE TRAVAY

Non Patisipan

Dat

Adrès Patisipan

Nimewo Dosye/Kategori/Sekans

Seksyon A: Moun sa yo dwe patisipe nan yon aktivite travay kòm yon kondisyon elijiblite pou yo resevwa asistans lajan kach. Pote fòm rekòmandasyon sa a nan *One Stop Center* (Sant ki deziyen pou ofri divès kalite asistans pou moun k ap chèche travay) ki endike nan lis nan **Seksyon B** anba kote w ap swiv prezantasyon yon *Overview of the Welfare Transition Program* (Rezime Pwogram Tranzisyon Asistans Sosyal) epi w ap aprann aktivite travay ki nesèsè yo. Daprè nesèsite moun ki lakay ou ak disponiblite sèvis yo ak finansman an, ou ka elijib pou sèvis gadri, sèvis transpò ak rekòmandasyon pou lòt biwo pou fòmasyon ak lòt sèvis. ***One Stop Center* ap fè w konnen dat ak lè randevou ou. Si w pa respekte randevou sa a, sa ka lakòz benefis lajan tanporè fanmi ou diminye oswa anile.** Posiblite ak obligasyon sa yo nan *Welfare Transition Program* (Pwogram Tranzisyon Asistans Sosyal) endike nan yon lis ki palòtbò fòm sa a.

Non (Endike Moun ki Alatèt Kay la Dabò)	Prenon

Seksyon B:

Adrès *One
Stop Center*:

Nimewo Telefòn *One Stop Center*: _____

Dat ki endike pou prezantasyon rezime a: ____/____/____

Kòmantè *One Stop Center*: _____

Reprezantan *Regional Workforce Board* (Konsèy Mendèv Rejyonal)

Dat

POSIBLITE AK OBLIGASYON

POSIBLITE OU: Ou gen posiblite pou:

- ♦ Resevwa èd pou peye pou sèvis sipò (si ou apwouve) pou w ka jwenn djòb, edikasyon oswa lòt aktivite ki asiye (yo), sof si ou pa an mezi pou fè aranjman sa yo poukont ou. Sèvis yo ka gen ladan, men pa sèlman: gadri, transpò, zouti, rad, inifòm, elatriye. (Ed sa a baze sou aktivite ki asiye ak disponiblite finansman.)
- ♦ Yon sipèvizè Regional Workforce Board la revize desizyon ki pran sou dosye ou. Si w pa dakò avèk yon desizyon sou aktivite travay ou oswa sèvis sipò a (yo), mande pou gen yon odyans atravè Regional Workforce Board la.
- ♦ Mande yon odyans si w pa dakò avèk yon desizyon ki pran sou asistans lajan kach tanporè ou.
- ♦ Yo aksepte eskiz ou oswa repwograme ou pou yon aktivite depi ou gen rezon valab pou sa tankou yon timoun malad oswa ou pa gen tan jwenn transpò ou. Se Regional Workforce Board la ki detèmine yon rezon valab.
- ♦ Mande Benefis Asistans Lajan Kach poutèt Ou Pèdi Djòb ou.
- ♦ Mande asistans lajan kach pou demenajman.
- ♦ Resevwa sèvis sa yo, si w elijib pou yo: Èd Sikososyal pou Sante Mantal, Èd Sikososyal/Sèvis pou Vyolans nan Kay epi/oswa Èd Sikososyal/Sèvis pou Abi Estipefyan.
- ♦ Resevwa benefis pandan yon ti tan, si w elijib, apre ou pa resevwa asistans lajan kach tanporè ankò, selon disponiblite finansman, tankou: Gadri, Transpò, ak Edikasyon ak Fòmasyon.
- ♦ Resevwa Medicaid ak asistans manje selon kondisyon elijiblite yo.

OBLIGASYON OU: Ou gen obligasyon pou:

- ♦ Patisipe nan aktivite pwogram ki asisye pou travay yo, bay kontrandi sou yo epi konplete yo oswa ou ka pran sanksyon (gade konsekans yo endike annapre yo ki konsène lè w pa patisipe).
- ♦ Reponn tout kontak Regional Workforce Board la oswa lòt biwo kote yo rekòmande w yo.
- ♦ Fè Regional Workforce Board la konnen nenpòt chanjman nan patisipasyon, travay, sikonstans fanmi avèk tou chanjman adrès, chanjman nimewo telefòn, nesosite gadri, pwoblèm transpò, pwoblèm medikal, elatriye.
- ♦ Aplike pou djòb ak chèche djòb.
- ♦ Aksepte nenpòt òf rezonab djòb ki konvnan.
- ♦ Rete nan djòb ou. Ou dwe kontakte Regional Workforce Board anvan ou diminye nan kantite èdtan travay ou oswa anvan w kite travay ou.
- ♦ Rapòte rezon valab san pèdi lè w pa patisipe.

KONSEKANS LÈ W PA PATISIPE

SANKSYON SOU ASISTANS LAJAN KACH

- * Premye Sanksyon: Asistans lajan kach sispann pou tout fanmi an pandan yon minimòm 10 jou oswa jouk lè moun nan konfòme li, kèlkeswa sa ki rive pita.
- * Dezyèm Sanksyon: Asistans lajan kach la sispann pou tout fanmi pandan yon mwa oswa jouk lè moun ki pa t konfòme li a fè sa, kèlkeswa sa ki annapre a.
- * Twazyèm Sanksyon: Asistans lajan kach la sispann pou tout fanmi pandan twa (3) mwa oswa jouk lè moun ki pa t konfòme li a vin konfòme li, kèlkeswa sa ki annapre a.

NÒT: Asistans lajan kach la ka kontinye pou yon yon dezyèm oswa yon twazyèm sanksyon pou timoun ki poko gen 16 zan atravè yon peyè pwoteksyon.

SANKSYON SOU ASISTANS MANJE

- * Premye Sanksyon: Pèt asistans manje pandan yon mwa, oswa jouk moun nan konfòme li, kèlkeswa sa ki pi long lan.
- * Dezyèm Sanksyon: Pèt asistans manje pandan twa (3) mwa, oswa jouk moun nan konfòme li, kèlkeswa sa ki pi long lan.
- * Twazyèm Sanksyon: Pèt asistans manje pandan sis (6) mwa, oswa jouk moun nan konfòme li, kèlkeswa sa ki pi long lan.

NÒT: Si se moun ki pa konfòme li a ki alatèt fanmi an, asistans manje pou tout gwoup la ap sispann sof si moun nan satisfè yon eksepsyon asistans manje.